ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№235 (21.143) ● 2007 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 5, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ реформэ щегъэжьIуэкIыным елэжьыну республикэ комиссэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ реформэ щегъэжьIуэкIыныкIэ республикэ комиссэм и лэжьыгъэр къызэгъэпэщын и лъэныкъуэкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м къыдигъэкIа Указ №96-УП-мкIэ кьишттам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ реформэ щегъэжьIуэкIыным елэжьыну республикэ комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм административнэ реформэ щегъэжьIуэкIыныкIэ лэжьыпхъэхэм я Iуэхущ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м къыдигъэкIа Указ №96-УП-мкIэ кьишттам, хэтхэм мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

Комиссэм хэгъэхьэн мыхэр:

Къумыкъу Б. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Президентым и чэнджэщагъуэр

Хьэмгъуокъу Л. Б. - Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэр (зэгурыIуаэ);

Комиссэм хэгъэкIын Берд Хь. А., Тхьэгъэзит Ю. М.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ реформэ щегъэжьIуэкIыныкIэ республикэ комиссэм и лэжьыгъэр къызэгъэпэщ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм административнэ реформэ щегъэжьIуэкIыныкIэ лэжьыпхъэхэм я Iуэхущ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м къыдигъэкIа Указ №96-УП-мкIэ кьишттам, хэтхэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, Власов А. А. и кIуэлыкIуэм зэреджэр мыпхуэдэу къэхьауэ: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и кIуэдзэ - къэрал кIуэлыкIуэм, кадрхэм, щIыпIэ самоуправлением ехьэлIа IуэхухэмкIэ управленэм и унафэщ1».

3. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щытездза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 26-м №88-УП

Хьэрычэт IэнатIэм и къэкIуэнур зэлъытахэр йоджэ

Хьэрычэт Iуэхущ1апIэ мыинхэм я унафэщ1хэм, Iэщ1агъэ1хэм, щхьэзакъуэ хьэрычэт лэжьакIуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и вуэхум, суэхум щIэсхэм, ахэр къэзыухахэм ящыщу щыхъу 50-р вэсэмахуэ щ1адзауэ бизнесым и ныдэжьым Iэмалхэм хуоджэ. Абыхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэным къызэрагъэпэщащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен къигъэуба щIэрыпхым ипкъ итI?э икIи «2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьэрычэт Iуэху мыиным зыщегъэжьыныр, ар щыщ1ыIыным республикэ программэ хэхам хилъхьауэ.

ХьэРЫЧЭТ Iуэхум и къэкIуэнур зэлъытахэр играгъэджэн папщIэ республикэм кьрагъэ1этащ Москва дэт «МИРБИС» бизнес еджапIэ нэхъыщ1хьэм и Iэщ1агъэ1ауэ щ1эрыIуэхэр. Псалъэм кьыдэжьIуэ жьытIэнщ, Урысейм и кьалащ1ьэм дэт мы еджапIэ щ1эрыIуэм и кьызэгъэпэщакIуэщ Плеханов Г. Б. и щIэр зезыхьэ къэрал экономикэ академиемрэ Италием экономикэ кьэхутэныгъэхэмкIэ и «НОМИЗМА» зэгухьэныгъэмрэ.

«МИРБИС» школыр Урысейм и еджапIэ нэхъ пэрытхэм ящыщ1ащ. Хьэрычэт Iэнатl эм и щIэныгъэм и щIадзауэ Iэмалхэр» курс-хэр абы къэрал ыпэ и щIынатIэ куэдым кьыщыгъэгъэпэщ икIи бизнесым и лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм хегъахьуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщыгъэрагъэпэща еджакIуэ гупым я щIэныгъэр щыхагъэхьуэнур бизнес-нинкъбаторым и унэрщ. Курсхэр кьауха нэужь, абыхэм ягъуэта щIэныгъэр тэмэму кьатынтэмэ, къэрал документхэр кьратыжынущ.

Хьэрычэт IэнатIэм пыща щIалэгъуалэр гупхэр мазищ кьэс зэ кьызэрагъэпэщурэ играгъэджэну я мурадщ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Зэпеуэ

Дипломрэ саугъэтрэ

Москва щыIэхэтащ ильэс къэс иратащ1ыкI «ТВ-Радио-Антитеррор» фестивальр. Ар къызэрыгъэпэщащ «Детектив» продюсер компаниемрэ Продюсер нэхьыщхьэ Митрошин Юрий къызэрыкIуэщамкIэ, фестивальр зыхуэгъэнсар радиомрэ телевиденэмрэ къызэрэщIэжьыр, жыг1ащ1ым терроризмэр экстремизмэмрэ и лъныкъуэ псоми, льэпкь, дин льагъэмывэныгъэм еблэныр щыхэпщэныр.

АБЫ ЩIАГъЭЛЪэГъУАЩ Урысей Федерацэм хьыхь щIыналъэ псоми я журналистхэм я лэжьыгъэхэр. «Айхуэдэм къытрагъэзэжьыж хуейкъым» фильмым папщIэ фестивалым и дипломрэ фэепль саугъэтэрэ кьыхуагъэфощащ Къэрал кIуэцIрыIуэхэмкIэ и министерствэу КъБР-м щыIэм хьыбарыщIэхэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и кIуэдамэм и унафэщ1 КIасэ Маринэ.

«Айхуэдэ фестивалым уэхутынр жэуапльныгъэщхьэ зыпыльщ, сыту жыпIэмэ, абы и кьалэн нэхъыщхьэр жылагъуэм зэпIуэзэрытыныгъэ щыIэныгъэр, терроризмэр кьыдыхькI щхьэусыгъуэхэр ягурыгъэIуэныгъ. Ди фильмыр теухуащ 2005 гъэм и жэпуэгъуэм Налшык кьыщыхьуа гуэзвэгъуэм. Дэ ар зэрыкъуэкIэ зэпкърытхьну дыхущIэкъуащ, ар зи нэгу щIэкIахэм я Iуэху епльыкIэхэр ди тегъэщIапIэу», - жиIащ КIасэм.

БЫРС Залым.

УРЫСЕЙМ и Къэрал Думэм хэхьныныкIэ Бахьсэн кьалэм щекIуэкIа IэIэтыр япэу кьыдэIуихыну кьрагъэблэгъащ ильэс 50-кIэ хэхьныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэта, районым и «хэхакIуэ нэхъыжь» щIэмкIэ яхъэгъушхуэ Бекъалды Илэ. Илэ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, кьэралым щIыхь зиIэ и кинематографистщ, иригъэкIуэкI цIыхубэ лэжьыгъэм кьыпэкIуэу зыбжанэрэ щIыхь тхьилъхэр кьыгъэзэфэщащ. Бекъалды Илэ хъуэхъуащ хэхьныгъэ екIуэкIакъэм мамырыгъэр екъуалIэныгъэрэ кьыдэкIуэну.

ШЭТ Заур.
Бахьсэн куейм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщ1.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Арэзы тохъуэ

Ди гъэтхэм зэрытеташ, щэкIуэгъуэм и 30-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и Унэм и Председатель Къанокъуэ Арсен.

ЗэХЫХЬЭМ щыкъэлIащ инвестицэ проекту 5-м. Абыхэм ящыщ «Шэрэдж Ищхьэрэ ГЭС-хэм я каскад» ОАО-м налог льготэхэр зэтыныжкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм теухуар. Акционер обществэ зэIухам и унафэщ1 **Соттаев Алий** къыщыригъэлъэгъуажкIэ, «Шэрэдж Ищхьэрэ ГЭС-хэм я каскад»-р кьыщэгъэпэщащ УФ-м и Правительствэмрэ «Урысей» и ЕЭС» РАО ОАО-мрэ я унафэкIэ. Ар хуэгъэзащ электроэнергетикэм и Iэнатl эм зэхъуэкIыныгъэхэр щегъэжьIуэкIыным. Обществэм кIуэхуэу и кьалэныр республикэм ток кьыщыцIыпIэжьу щIэ кьару псори зыщIигъэуIуэу иужькIэ «Гидро ОГК» федеральнэ генерирующэ компаниемрэ хьыхьныщ.

Зэ1ущIэм кьыщыхальхьа инвестицэ проектыр тещIыхьащ Къэщкъэтау ГЭС-мрэ зэрыщыту Шэрэдж Ищхьэрэ каскадымрэ я уэхуэныгъэхэр зэфIэгъэкIыным. Уэхуэныгъэхэм 1993 гъэм щIадзэри, 2002 гъэм и дыгъэгъазэм каскадым и япэ чэзуэр - Аушыджэр ГЭС-р, яутIыпщауэ щытащ. Ауэ кьыкIэпльыкIуэ ильэсищым «Урысейм и ЕЭС» РАО-м ахьшэу кьаухуитIыпщыр зэуэ зэрыгъэмэщам кьыхэкIыну. Къэщкъэтау ГЭС-м ухуэныгъэ-монтаж лэжьыгъэхэр щыIэпагъэун хуей хьуащ.

Къэпсэльам зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ щытыкIэм зэкIыпIэхэр кьыхэугъуэтын мурадкIэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен хуэзащ «ГидроОГК» ОАО-м и правлёнэм и унафэщI Синюгин В.Ю. Льэныкъуэхэр арэзы тещ1ыкIуэ дызыхуэмкIэм нэхъ фIэмыкIыу ухуэныгъэхэр зэфIэгъэкIын зэрыхуэкIм.

«ГидроОГК» ОАО-м и унафэкIэ «Шэрэдж Ищхьэрэ ГЭС-хэм я каскадымрэ «Гидропроект» институтымрэ нэгъабэ ягъэхьэзыращ Iуэхур щIэзыгъэпсынщIэну инвестицэ проект. Абы щыубзыхуа Iуэхуэгъуэхэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестицэ лъэщхэр. ХадэхэкIэр езым игъэкIынущ. Ягъэхьэзыращ Iэщ1шхуэу 400 щ1ыгъыну фермэм и проект-сметэ тхылыр. Мэкъумыпапхъэр гектари 150-м щагъэкIыну, метр зэбгъуэтэнащ1ыну подстанц ягъэуващ. Я продукцэр куэду зратыну «Лебедянский» ОАО-м зэгурыIуэныгъэ иращ1ылащ.

Бжэмбей Олег кьызэрыхигъэщамкIэ, проектыр гъэзэщ1эным инвестицэ сом мелуани 170-рэ кьыкIынущ. Iуэхур иратащ1ыкIа Кременчуг-Константиновска ерысскы комбинатыр щIэрыщIэу зэгъэпэщ1ыжыным-рэ егъэфIэкIуэнымрэ екъэлIауэ «ЗЕКО» ООО-м игъэхьэзырар икIи Советым хэтхэр ар дэIыгъыныкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм хэпльащ.

«ЗЕКО» ООО холдинг компанием и унафэщI **Бжэмбей Олег** къызэрыгъэльэгъуэмкIэ, проектыр ягъэхьэзыращ ерысскы комбинатым и финансыщытыкIэмрэ я зэфIэкIымрэ ятещ1ыхьауэ. Предприятэм кьыщэхуну и мурадщ нартыху фошыгъум, фIэIугъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, горох цIыкIэм, пхъэщхьэмыщ1хьэпсхэм, нэгъуэщI ерыскыпхъэхэм иджыдей технологием тепу зэрелэжьыну Iэмэпсымэ лъэщхэр. ХадэхэкIэр езым игъэкIынущ. Ягъэхьэзыращ Iэщ1шхуэу 400 щ1ыгъыну фермэм и проект-сметэ тхылыр. Мэкъумыпапхъэр гектари 150-м щагъэкIыну, метр зэбгъуэтэнащ1ыну подстанц ягъэуващ. Я продукцэр куэду зратыну «Лебедянский» ОАО-м зэгурыIуэныгъэ иращ1ылащ.

Бжэмбей Олег кьызэрыхигъэщамкIэ, проектыр гъэзэщ1эным инвестицэ сом мелуани 170-рэ кьыкIынущ. Iуэхур иратащ1ыкIа Кременчуг-Константиновска ерысскы комбинатыр щIэрыщIэу зэгъэпэщ1ыжыным-рэ егъэфIэкIуэнымрэ екъэлIауэ «ЗЕКО» ООО-м и унафэщI Урысейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Iэщ1агъэ1хэр Волгоград щрагъэджащ, дяпэкIи зы гуныфI лэжьыгъэм хагъэгъуэзэнущ.

Бакулин Алексей кьызэрыхигъэщамкIэ, мы Iуэхур кьыдэхэныныкIэ, унэтIыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIэр щIэгъэкъуэныщхьэ мэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыдагъэм елэжьыну завод щыухуэным теухуа проектыр зэхъыкъэм кьыщыхильхьащ «Роснефть» ОАО-м и вице-президент **Сапроновым Александр** ЛьэныкъуэтIым я зэдэлэжьэныгъэм псынщIэу зиужьу хуежьащ, мы гъэм и мэкъуэгъэгъуэ мазэм зэгурыIуэныгъэ зэращIылIа нэужь. Предприятэр ирагъажьэмэ, илъэсым кьриубыдэу бензину тонн мелуани 3-м нэблагъэ кьыщIигъэкIыфынущ. Абы и мыинхэр, ауэ теплъафIэхэр, псынщIэу кьэзыкIухьэр, льэщхэр.

Щэхур нахуэ кьохъу

Американ зауэ тIасхъэщIэхэм ягъэхьэзыра докладыщIэм, иджыблагъэ нахуэ кьэхъуам, хэлъщ, кьэбгъэлъагъуэмэ, мыпхуэдэ гупсысэхэр:

- Ираным игъбэяуащ атом бомбэ гъэхьэзырыным телэжьынэр. А къэралыр, дауи, хэтащ ядер Iэщ1экIэ зыкъыщIиуэзэдэну, абы теуху программэ зэлубги иIащ. Ауэ нобэ быдзу жыIтIэфынущ а мурадым хуэунэтIа лэжьыгъэ псори кьызэригъэувыIауэ, щIэх дыди абыхэм щIимыщ1дзжьфынущ. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2015 гъэ пщIондэ Ираным кIигъуэтыфынукъым атом бомбэ зэрищIын техникэ Iэмал гуэри.

Электрокъару яIэкъым

Северокурильск къалэм электрокъару къыхуэзылэжь дизель генераторхэр кьутэри, цIыку 2700-рэ хуэдизыр щIимыщ1дзжьфынущ, Iэ кьэнащ.

Абы и зэрранкIэ зэхуащIащ щIакъхуэ гъэжьапIэхэр, еджапIэхэр, сабий Iуэхущ1апIэхэр. ЩIыпIэ прокуратурэм Iуэху кьиIэтауэ, мы мыхъумыщIагъэм и щхьэусыгъуэхэр зэхегъэкI. Лэжьыгъэ йокIуэкI цIыхухэм электрокъару иратыжыну.

Саугъэтхэр ят

Дыгъуасэ Москва щекIуэкIащ «Гриумф» саугъэтыр тыным, литературэмрэ гъэзэджэмрэ зэфIэкI нэхъыбэ зиIэхэр гъэлъапIэным теухуа зэхьыхьэр.

Пашэ хьуам льагъэсащ ахьшэ саугъэту доллар мин 50 зыриз, щытхъу тхылъхэр, дышэ дамыгъэхэр. Щ1алэгъуалэм щыщу нэхъ зэчиифIэу кьалъытахэм ящыщ дэтхэнэми тыгъэ хуащIащ ахьшэу доллар минитIрэ ныкъуэрэ.

(ИТАР-ТАСС).

● Дыгъуасэ

Лъэныкъуэ псори зэпашэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щы реформэм зыщыкъуэгъэхьэзыныныр-рэ ар егъэкIуэкIынымкIэ республикэ комиссэм хэтхэм я зэIущIэ.

А IУЭХУМ хэкIыпIэ тэмэм кьыхуэгъуэтыным икIи хуэфащэ унафэ тещIыхьыным мыхьэнэшхуэ дыдэ зэриIэм и гугъу ищIа нэужь, абы псалъэ иритащ КъБР-м и Правительствэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Чеченов Ануар**. Ар зэпкърыхауэ кьытеувыIащ ди республикэм ЩIы реформэм зыщ1ыхуэгъэхьэзырыныр кьызэгъэпэща зэрыхъум. Абы упщIэжьмкIэ зыхуагъаззу, я гупсысэхэр кьаIуатау зэхьхьэм кьыщыпсэльащ комиссэм щыщхэу **Дохъушокъуэ Мусэ, Тхьэгъэпсо Хьэжысмел, Клевцов Михаил, Черкесов Георгий, Къуэшырокъуэ Залым**, нэгъэущIэри.

ЗэIущэм хэтащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1 **Къэжэр Альбертрэ** Правительствэм и Iэтащхьэ **Ярин Андрейрэ**.

АРУАН Алий.

Я улахуэм хохъуэ

Дыгъуасэ «Российская газета»-м кьытехуащ дзэ кьулыкъум хэтхэр куэдрэ зыпэплъа унафэр.

Дыгъэгъазэм и 1-м кьыщIэдзауэ зи лэжьыгъэр зауэ хуэIуэхущIэхэм пыщIахэм я улахуэр нэхъыбэ ящIащ процент 15-кIэ.

Псыщ1агъэкIуэ кхъухьыщIэхэр

Малайзием щагъэльэгъуэ къэрал куэдым я авиацэ, хьэрш, зауэ-тенджыз техникэр.

«Рособоронэкспорт» компаниемрэ Iэщ1агъэIэлIэхэм щыгъуэзэ дыз32ращIамкIэ, ди къэралым зэфIэкI хьарзынэхэр зэриIэр мы щыгъэпIэмэ щыбелджыныщ. Хъэдым гъэщIэгъуэн ящ1охьу Урысейм и псыщ1агъэрыкIуэ кхъухьыщIэхэр: мыинхэр, ауэ теплъафIэхэр, псынщIэу кьэзыкIухьэр, льэщхэр.

Щэхур нахуэ кьохъу

Американ зауэ тIасхъэщIэхэм ягъэхьэзыра докладыщIэм, иджыблагъэ нахуэ кьэхъуам, хэлъщ, кьэбгъэлъагъуэмэ, мыпхуэдэ гупсысэхэр:

- Ираным игъбэяуащ атом бомбэ гъэхьэзырыным телэжьынэр. А къэралыр, дауи, хэтащ ядер Iэщ1экIэ зыкъыщIиуэзэдэну, абы теуху программэ зэлубги иIащ. Ауэ нобэ быдзу жыIтIэфынущ а мурадым хуэунэтIа лэжьыгъэ псори кьызэригъэувыIауэ, щIэх дыди абыхэм щIимыщ1дзжьфынущ. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2015 гъэ пщIондэ Ираным кIигъуэтыфынукъым атом бомбэ зэрищIын техникэ Iэмал гуэри.

Электрокъару яIэкъым

Северокурильск къалэм электрокъару къыхуэзылэжь дизель генераторхэр кьутэри, цIыку 2700-рэ хуэдизыр щIимыщ1дзжьфынущ, Iэ кьэнащ.

Абы и зэрранкIэ зэхуащIащ щIакъхуэ гъэжьапIэхэр, еджапIэхэр, сабий Iуэхущ1апIэхэр. ЩIыпIэ прокуратурэм Iуэху кьиIэтауэ, мы мыхъумыщIагъэм и щхьэусыгъуэхэр зэхегъэкI. Лэжьыгъэ йокIуэкI цIыхухэм электрокъару иратыжыну.

Саугъэтхэр ят

Дыгъуасэ Москва щекIуэкIащ «Гриумф» саугъэтыр тыным, литературэмрэ гъэзэджэмрэ зэфIэкI нэхъыбэ зиIэхэр гъэлъапIэным теухуа зэхьыхьэр.

Пашэ хьуам льагъэсащ ахьшэ саугъэту доллар мин 50 зыриз, щытхъу тхылъхэр, дышэ дамыгъэхэр. Щ1алэгъуалэм щыщу нэхъ зэчиифIэу кьалъытахэм ящыщ дэтхэнэми тыгъэ хуащIащ ахьшэу доллар минитIрэ ныкъуэрэ.

(ИТАР-ТАСС).

Я улахуэм хохъуэ

Дыгъуасэ «Российская газета»-м кьытехуащ дзэ кьулыкъум хэтхэр куэдрэ зыпэплъа унафэр.

Дыгъэгъазэм и 1-м кьыщIэдзауэ зи лэжьыгъэр зауэ хуэIуэхущIэхэм пыщIахэм я улахуэр нэхъыбэ ящIащ процент 15-кIэ.

Псыщ1агъэкIуэ кхъухьыщIэхэр

Малайзием щагъэльэгъуэ къэрал куэдым я авиацэ, хьэрш, зауэ-тенджыз техникэр.

«Рособоронэкспорт» компаниемрэ Iэщ1агъэIэлIэхэм щыгъуэзэ дыз32ращIамкIэ, ди къэралым зэфIэкI хьарзынэхэр зэриIэр мы щыгъэпIэмэ щыбелджыныщ. Хъэдым гъэщIэгъуэн ящ1охьу Урысейм и псыщ1агъэрыкIуэ кхъухьыщIэхэр: мыинхэр, ауэ теплъафIэхэр, псынщIэу кьэзыкIухьэр, льэщхэр.

Щэхур нахуэ кьохъу

Американ зауэ тIасхъэщIэхэм ягъэхьэзыра докладыщIэм, иджыблагъэ нахуэ кьэхъуам, хэлъщ, кьэбгъэлъагъуэмэ, мыпхуэдэ гупсысэхэр:

- Ираным игъбэяуащ атом бомбэ гъэхьэзырыным телэжьынэр. А къэралыр, дауи, хэтащ ядер Iэщ1экIэ зыкъыщIиуэзэдэну, абы теуху программэ зэлубги иIащ. Ауэ нобэ быдзу жыIтIэфынущ а мурадым хуэунэтIа лэжьыгъэ псори кьызэригъэувыIауэ, щIэх дыди абыхэм щIимыщ1дзжьфынущ. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2015 гъэ пщIондэ Ираным кIигъуэтыфынукъым атом бомбэ зэрищIын техникэ Iэмал гуэри.

Электрокъару яIэкъым

Северокурильск къалэм электрокъару къыхуэзылэжь дизель генераторхэр кьутэри, цIыку 2700-рэ хуэдизыр щIимыщ1дзжьфынущ, Iэ кьэнащ.

Абы и зэрранкIэ зэхуащIащ щIакъхуэ гъэжьапIэхэр, еджапIэхэр, сабий Iуэхущ1апIэхэр. ЩIыпIэ прокуратурэм Iуэху кьиIэтауэ, мы мыхъумыщIагъэм и щхьэусыгъуэхэр зэхегъэкI. Лэжьыгъэ йокIуэкI цIыхухэм электрокъару иратыжыну.

Саугъэтхэр ят

Дыгъуасэ Москва щекIуэкIащ «Гриумф» саугъэтыр тыным, литературэмрэ гъэзэджэмрэ зэфIэкI нэхъыбэ зиIэхэр гъэлъапIэным теухуа зэхьыхьэр.

Пашэ хьуам льагъэсащ ахьшэ саугъэту доллар мин 50 зыриз, щытхъу тхылъхэр, дышэ дамыгъэхэр. Щ1алэгъуалэм щыщу нэхъ зэчиифIэу кьалъытахэм ящыщ дэтхэнэми тыгъэ хуащIащ ахьшэу доллар минитIрэ ныкъуэрэ.

(ИТАР-ТАСС).



◆Москва и дэж советыдзэхэм ебгъэрыкIуэу щIадзэри, 1941 гъэм нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэр, хэщIыныгъэ инхэр ягъуэтурэ, ди кьалащ1ьэм пэжыжьэ ящIащ.

◆Илъэс 50-кIэ уэзIэбжьмэ, Ленинград щащIри псом трауIыпщкьыдэу щытащ ядер кьарукIэ лажьэ мылькъутэ кхъухьышхуэ, «Ленин» и цIэу.

◆Илъэс 30 мэхъу «Уренгой-газдобыча» обьединенэр (иджы абы зэрэджэр «Уренгойгазпром» акционер обществэщ), Тюмень областым щыIэр, къызэрызэрагъэпэщ1ри.

◆Абу-Даби къалэм (Хьэрыпэ Эмират Зэгуэтхэм) щекIуэкIынущ щIыдагъэ кьыщIэзыш икIи зыщэ кьэралхэм («ОПЕК» зэгухьэныгъэм хэтхэм) я лIыкIуэхэм я зэхуэс.

◆Дыгъэгъазэм и 5 - 16-хэм Москва щекIуэкIынущ «Иджырей щIэныгъэмрэ гъуэзджэмрэ» зи фIэщыгъэ дунейпсо зэпеуэ.

◆Дыгъэгъазэм и 5 - 15-хэм Санкт-Петербург кьыщызэрагъэпэщ1ынущ «Питер гуащIэгъуащ» зыфIаща псапащ1э зэпеуэр. Абы щызэхуэхьэсыну мылъку псори хуэмыщIауэ псэуэхэм хуагуэшынущ.

◆Дыгъэгъазэм и 5 - 9-хэм Москва щыIэ «Экспоцентр» гъэлъэгъуапIэ комплексым щыIэнущ «Здравоохранение-2007» зыфIаща жрамыкIэр.

◆Илъэс 75-рэ мэхъу авар тхакIуэ Алиевэ Фазу кьыщэралъхурэ.

◆СССР-м и Конституцэр (1936) кьыщащта, КъБАО-р КъБАССР-у щыIэзрахъуэкIа щ1ахуэщ.

◆ Къэбэрдей-Балъкъэр партизан гуп зэгуэтыр Лэскэн Езанэм зыщыщIэгъэбда фашистыдзэм щебгъэрыкIуа, бийр щыIэзэкъута махуэщ.

◆1927 гъэм кьалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктору, профессору, академикыу, УФ-м и КъБР-мкIэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэу щыта, мы гъэм и гъатхэпэ мазэм „дунейм ехьажа Къумыкъу ТIыгъэн. ◆1938 гъэм кьалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и президент Нэхущ Iадэм.

◆1960 гъэм кьалъхуащ публицист, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист Жылаев Заур.

◆Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 27-м, кьухьэжьыщ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 29-м.

◆Махуэм и кIыхьагъущ сыхьэти 9-рэ дакъикъи 2-рэ.

Пlалэнэр зыгъэхьэзырар **ТХЬЭМОКIУЭ Барэсбийщ.**

Лъэпкъ Iуащ1ъэ:

Удым и удыгъэр ятэ иригъэщ.

Футболым и пщIэр кьаIэт

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Президент Тхьэкъущ1ыкъ Асльэнэрий Iэрыщ1 «алэрыбгъуэхэр» зэрыльым хуэдэ топджэгу губгъуэщIэ иджыблагъэ Мейкъуапэ кьалэ кьыщызэIухащ. ГуфIэгъуэ зэIущIэм кьрихьэлIащ щIыпIэ правительствэм хэтхэр, депутатхэр, спортым и лэжьакIуэхэр, топджэгу ныжьыщIэхэр, нэгъуэщIхэр.*

«НОБЭ Мейкъуапэ кьыщыщэIуту топджэгу губгъуэр ятэу араща. Ауэ абы елэжь Iэщ1агъэIлIэм яхуэдэгъуэ ба1эн-хэм ахэр пэльэщу щытмэ, мыпхуэдэ топджэгу губгъуэ зырыз республикIэм и районхэмрэ кьалэхэмрэ мыгувэу кьыщызэIутхыну ди гугъэщ.

Губгъуэхэм иралъхъэ Iэрыщ1 «алэрыбгъуэхэм» хуэдэу сом мелуаних и уасэ кьэтщэхуауэ иджыпсту диIэщ. ЕтIанэгъи ди мурадщ топджэгу губгъуэшхуитI Мейкъуапэ кьыщызэIутхыну», - жиIащ Адыгейм и спорткомитетым и тхьэмадэ Хьэсанокъуэ Мурат.

ПсэупIэ кьращэхун папщIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм и Iэщ1агъэ1лIхэм кьыщэратамкIэ, дызэрыт ильэсым кьрихьыдзу щIыхьэм псэупIэ кьращэхун папщIэ щIыхьэу сом мелуан 22-рэ ятащ.*

«КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫМ и цIыхухэм итопкэ кредит етIыныкIэ» республикэ центр мэлажьэ, ауэ абы нэхъыбэу ахьшэ зритыр улахуэщхьуэ зиIэ къэрал кьулыкъущIэхэрщ. Абы кьыхэкIыну Iуэхуэ-тхьэбзэ зыхуищIэфыр мащIэщ - нобэр кьызэдэсым хуэтар сом мелуани 2,6-щ.

Апхуэдэу щытми, Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ коммерцэ банкхэм езыхэм я программэхэмкIэ дызэрыт ильэсым и щIышIыгъ-фокIадэ мазэхэм зыкIэрыубыдэу ипотекэ кредиту сом мелуан 19 ятащ.

Куржы-абхъаз зэпэщIэувэныгъэм теухуауэ

АБХЪАЗ. *Республикэм Социально-экономикэ къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэхэр иджыблагъэ щыIащ Нью-Йорк къалэ и Колумбие университетым.*

АБХЪАЗЫМ и лыкIуэхэм я унафэщI Гагуа Краклий хэгъэрейхэм яхутепсэльыхьащ куржы-абхъаз зэпэщIэувэныгъэр къэгъэтIэсхьэным хэкIыпIэ хуэхьуну къильытэхэм. Абы жиIащ дунейпсо зэгухьэныгъэр нэхъ жьыдэжэру Iуэхум кьыхэшэн зэрыхуейр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Жор Плъыжьым и зэфIэкI

Урысей Жор Плъыжьым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм иригъэкIуэкI псапащIэ IуэхуфIэхэм кьыпэкIуэу кьыхуагъэфащащ Урысейм и Жылагъуэ палатэм кьыбгъэдэкIа саугъэт.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Жор Плъыжьым доIэпыкъу зи закъуэу ящна ныбжь зиIэ цIыхухэм, кьыкъуэдыкъуэхэмрэ жьыкIэфащIэхэмрэ щыпсэу Унэм, сабий ныкъудыкъуэ зиIэ унагъуэ дэIэпыкъуэгъуэншэхэм, зауэмрэ лжьыгъэмрэ я ветеранхэм. Мыбыхэм ерыскъыкIэхэмрэ щыгъыныгъэхэмкIэ зэрапэIэбэм и мызакъуэу, зи ныбжь хэкIуэта зыхуэзэфIэмыкIхэм я псэупIэ унэхэр зыхуэгъэзэ Урысей Жор Плъыжьым и Iэщ1агъэм щыкъурагъаджэ Налшык дэт «Строитель» лицеймрэ. Апхуэдэу КъБР-м и Жор Плъыжьым и1эщ -ЦIыхум я пэ дэIэпыкъуэгъэ етIыныкIэ» курс щхьэусыгъэхэр. Курс нэужьым псапащIэ Iуэхум дихьэх студентхэри лжьыгъэм кьыхаущ.

КЪБР-М и Жор Плъыжьым и унафэщI Лысенко Нинэрэ мы организацэм и Налшык къудамэм и Iэтащхьэ Амчокъуэ Лидэрэ щыгъуазэ дыззращIамкIэ, илъэсыщIэм и пэ кьыхуэу дэIэпыкъуэгъуэ зыхуэзэфIэмыкI цIыху куэдым.

ЖАНХЪУЭТЗуэ.

● Хэхьныгъэ-2007

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу кьыдогъэкIыж 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Илъэс ныкъуэм газетым и уасэщ сом 342-рэ кIэлIейкIэ 84-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хуэнущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.



Ди индексыр 51531

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Адыгэшхэр къыхатхыкI

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъахьа упщIэхэм я жэуапхэр

«ПщIэ зыхуэсщI Арсен Башир и къуэ! «Адыгэ конгресс» Къэбэрдей-Балькъэр щыналъэ зэрыщIэхъуэнымкIэ адыгэшхэр зэгъэпэщыжьныкIэ адыгэ зэрыгъэпэщыжьныкIэ зэрекIуэкIым уи нэIэ тебгъэзыну».

КIэщ Р., *«Адыгэ конгресс» Къэбэрдей-Балькъэр щыналъэ жэлаIуэ зэщIэхъеенымкIэ тхьэмадэ.*

«Адыгэшхэр зэгъэпэщыжьныкIэ программэр джыдэ нэса? КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ и министерствэм ящIэ мы Iуэхум елэжьну пIэрэ?»

Шурдым М.. *Налшык къалэ*

Жэуап кърет республикэм и Правительствэм и УнафэщI **Ярин Андрей:**

- Адыгэшхэр мыкIэ советыр зэрыплIэжьэну планым щыгъэбелджылауэ КъБР-м щылэ шы лъэпкъыфIэхэр къыхатхыкIыну, абыхэм я къабзагъэр зыгъэбелджылыну комиссэ кIыхьзагъэщащI. А комиссэм игъэхьэзырынуц Iэщ лъэпкъыфIэхэм я къэрал тхьилъым и еханэ кIыдэжкIыгъуэм хыхьэну материалхэр.

Комиссэм хэтщ Шы гъэхъунымкIэ Урысейпсо щIэныгъэ къэхутакIуэ институтым, Къэбэрдей-Балькъэр Мэкъумэш щIэныгъэ къэхутакIуэ институтым я IэщагъэлIэр.

Адыгэшхэр къыхэзгъэпэщыжьныкIэ программэм трагъэкIуэдзэн папщIэ мы гъэм республикэм бюджетым сом мелуани 5 щыхухахауэ щытащ. Абы щыщу сом мин 500-р Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и призыр къэхьыным теухуауэ щыгъакIэкIэ щIыхьэпIэм зэхъэзэхуэм трагъэкIуэдащ.

Республикэм и Правительствэм, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балькъэр ЩIэныгъэ центрым зэщIыгъуу иджыпсту ягъэхъэыр адыгэшхэр къэгъэхуным, гъэбзэгъэным пыщIа Iуэхуэхэр зэхуэзыхьсыжьну экспедицэ.

Я гъунэгъуэхэм щхьэкIэ тхьэусыхафэ щыIэжьхьым

«Сыныволъэ мыпхуэдэ Iуэхум унафэ тещIыхьныжьмкIэ пэIэпыкIуэгъу фыхьину. Ди щIыхьэпIэм зэхуэдэ фатэр №29-м щыпсэухуэм фатэуэру зы фэтэр зыIэрагъэхьэри унашхэр тхьаудыну мурад яIащ, аргуэру зы къат къыратIыжьхьэ зэрыгъэщIэкIэ. Абыхэм гъэщIагъэкIэ зэхуэхьесащ апхуэдэ лажьыгъэ

Унащхьэ хуэзрагъэпэщыж

«Ди унэм и щхьэр зэгъэпэщыжьныным и лъэныкъуэкIэ зыкъытIэзгъэкъуэну дыныгъэлъэIуу зыфхуогъаз. Ди мыз3-мыIуэ ЖЭУ-м, унэр зи нэIэ щIэтым, дыщыпэуат, ауэ жэуап гуэрри абыхэм къапытхакъым. Унашхэм къыпхохэри, фэтэрхэр Iисрафэ зэтрещI. Унэм и яп щIыхьэпIэм и жьы кIуэпIэр зэIыхьащи, газым уитхъэлэнкIэ щынагъуэ щыIэщ. Ди дыныволъэIу ди Iуэхум зыгуэр тхуэхфщIыхьыну

Ленином и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №2-м щыпсэуэхэр:

Мирная М.С., Янченкэ Р.Н., Мозговая М.А., Крячковэ С.М., Дорошэ О.В., Колесниковэ Э.П., Чабан М.Н., Розанов Н.Н., Цуцин Э.П., Рулло Ф.В..

Прохладнэ къалэ.

Жэуап ирет Прохладнэ къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ **Сирищ Д.С.:**

- Зэрызыкъытхуагъэзэм хэпIыащ къалэ администрацэм и комиссэр. Мы зэманым зэфIагъэкIащ унащхьэм тель кхъуэщIэм жыс хуэхэр кьанэ щымыIэу шиферкIэ зэхъуэкIыныгъ, унэм и жьы кIуэпIэхэрэ зэрагъэпэщыжащ.

Светофорыр секундэ 20-кIэ кьоблэ

Хэт зыгъэувыр Лениным и уэрамым лъэсу уэзэпрыкIын щхьэкIэ секундэ 15 зэманыр? Мыхъэ-мыIуэ си нэгум щIэкIащ зи ныбжьыр хэкIуэта, сымаджэ щыхуэхэр, сабий щIыкIу зи гъусэ анэхэр светофорым еплъуэ гъуэдеяуэ гъэгуэм зэрыIэпрыжьыр! А

Васильевэ Т амарэ
Владимир ипхьу.
Налшык къалэ

Жэуап ирет Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ **Хьэмгъуокъу Л.Б.:**

- Налшык къалэ округым и администрацэр КъБР-м щIэ МВД-м ГИБДД-мкIэ и Управленэм и гъусэу хэпIащ Васильевэ Т.В. и тхыгъэм. ЛъэсырыкъекIуэкIэ Лениным и уэрамым зэпрыкIын щхьэкIэ светофорым зэманэу яритыр секундэ 15-щ. Ар къалэ Iуэгуэхэм щызекIуэныр унэтIыныжьмкIэ ягъуэ зэманэ щащIа лъэм хуэдиз мэхъу икIи а зэманыр ирокъу щIыхь мыуэжьеиуэ уэрамым зэпрыкIын щхьэкIэ, абы щыгъуэми транспортыр зэтрихьэнымкIэ кьимыгъэхъуу. Апхуэдэу щыгъ ми, а Iуэхум гу лъызыта цIыхубзым кьитхар кьалъхэрэ, унафэ щхьэщтащ светофорыр щхьэунтIэу кьыщыбгъэ секундэ 20 ящIыну.

Ерыскъыпхъэхэм я уасэр зэпIэзэрыт мэхъуж

«Сыт уасэхэр республикэм апхуэдизу щIыщыдэуеяр ткIи абы и гъэпсыкIэ зыгуэрым зыри щIимылэжьыр? ТхъуцIынэм, щэм, кхъуейм, сэхуран дагъэм, щакхъуэм, джэдыкIэм я уасэм процент 50-кIэ хъхуащ, ауэ пэжыащIэм хагъахьуэркым. Пенсэхэм гъэ хьуэну зэрызэ кахьу, уасэхэр драгъуеиуэ щIадзэ. Апхуэдэ мыхьэмыщIагъэр кьызэтебгъэувыIэ мыхьэну пIэрэ? Хэт а Iуэхум кIэлъыплъыр? Акъылым кьыпхуимыгъэтIэсэным хуэдизщ грамм 200 хьу тхъуцIынэ Iыхьэ нэхъапэм сомм 10 - 12 зи уасэу щытар иджы сом 25-35-кIэ зэрращэр?»

Налшык къалэм щыщ бюджет лэжьакIуэхэр.

Жэуап ирет КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков А.Т.:**

- Ерыскъыпхъэхэм я уасэм хэхъуэныр куэдми-мащIэми кьанэ щымыIэу яльэIэсащ кьэралым и щIыпIэ псоми. Къэгъэльэгъуапхэр ерыскъыпхъэ лIэужьыгъуэхэм я нэхъыбапIэм КъБР-м щиуасэр жэпуэгъу мазэм Ипщэ Федеральэ округым ику иту щызекIуэ уасэхэм нэхъри нэхъ мащIэу зэрыщIтар (щакхъуэм, сэхуран дагъэм, тхъуцIынэм, ирагъахьуэу ящ щэм, шатэм, кхъуейльаольэм, джэдыкIэм, фошыгъуэм, щыгъуэм я уасэхэр). Уасэм я зкъуэныр и Iуэхур КъБР-м и Правительствэм и кIэлъыплъныгъэм зэпымыуэ уц щIэтщ. Уасэхэм хэхъуэныр кьызэтегъуэвыIэн (зэпIэзэрыт щIын) мурадкIэ, КъБР-м Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм зэхилъхьащ икIи Правительствэм кьыщтащ ерыскъыпхъэ лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм я уасэм хэхъуэныр зэтебгъэным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр. Щыхум джжIэ мыхьэнэ нэхъ зиIэ ерыскъыпхъэхэмкIэ: щакхъуэм, лым, джэдкъазым, щэм, гъэшхкIым, Iэщ, къэкIигъэ дагъэм, джэдыкIэм, макаронэкIэхэм, фошыгъуэм, щыгъуэм, кIэрIофым я уасэр хэхъуэныр зэтрагъэзэнущ. Абы папщIэ министерствэм и лэжьакIуэхэм тхъэмахуэ зэхуакуэ кьэс зыгъэпсэхуфынуэ махуэхэм жармыкIэхэр кьызэгъэпэщын и лъэныкъуэкIэ лэжьыигъэ иокIуэкI. Республикэм щылажьэ бзэзэхэм чэнджэщ ираташ ерыскъыпхъэ нэхъыщхьэхэм хуэдэхэр зыщIэжьей зымыгъуэтхэм къащIыщIэхъуэ къэхуащ. Абы кьыжьеIэ ахэр зыхъуей хуэзэу зэрыгъэрахьэр.

ДэIэпыкъуэгъуншэу кьагъэнакъым

«Сэ илъэс 25-рэ сохьу, 2006 гъэм накьыгъэ мазэм си щхьэгъусэр автомобиль зэхьэхъуэм зэкIуэдащ. Сэ зым илъэситу, адрейм илъэситIу я ныбжьу бынитI си гуэсэу сыкьэнащ. Си щхьэгъусэу щытам и ацэ-анэм драгъусэу допсэу. Турп пенсионерщ. МылькукIэ къызэдэIэпыкъуфыркъым. Си ацэ-анэм я деж згъэзэж хъуркъым, сабийхэр си гуэсэу сыщыпсэун яIэкъым. Къэхьу щIэблэм я къэкIуэнур къыпфIэмыгъэхуну си фIэщ хъуркъым. СыпольэIу сэри си бынхэми щхьэкIэ псэупIкIэ зкъыздэIэпыкъуну».

Бекъалды А.А..
Ислъамей къуажэ.

Жэуап ирет Бахьсэн муниципальнэ районым и администрацэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Къазэрэкъу А.Б.:**

- Къэльэлуэ щIыхубзыр мыкIыкIи псэупIэкIи зэрыхуэмыщIар кьэтIылъэтэри, Бекъалды А.А. Ислъамей къуажэм дэт «Амбулаторэ» медицинэ Iуэхущ Iапl эм и дэIэпыкъуэгъу псынщIэ Iэнатlэм санитаркэру дгъэувад. Абы кьыщынэмыщIауэИслъамей къуажэм и щIыпIэ самоуправленэм и Советым и унафэкIэ ар «АПК-м зегъэужьын» лъэпкъ проект нэхъыщхьэм хыхьэу псэупIэ кьащхэун щхьэкIэ субсидиехэр 2007 гъэм зратхэм я спискэм хагъэхьащ.

Псэущхьэхэр зэрагъэгъым и щытыкIэм арэзы дытохьуэ

«Гу лъыфтэну сыныволъэIу Налшык зоопаркым и щытыкIэр, абы щагъэ псэущхьэхэм я псэукIэр якьуэдIэ зэрыгъэдэлъымыкIуэм. СыныволъэIу абы и щIыналъэр нэхъ ин фщIыну, псэущхьэ тхьэмыщкIэхэр клеткэ зэвхэм имысын щхьэкIэ.

Эльмирэ А.

Жэуап ирет Налшык къалэ округым и Iэтащхьэ **Хьэмгъуокъу Л.Б.:**

- Налшык зоопаркыр ильэс 40-м щIигъуэу щыхуэхъуэ нэхъыбэу з дэкIуэ Iуэхущ Iапl эм ящыщу кьоклIэкI. Гектари 7,2-рэ хьу щIынагъ. Абы кьудэрэ уэрэмыхьэлI, дунейм текIуэдыкIыж. Абы кIэкIхъуэкIэ, кьуалэбзу зэмылIэужьыгъуэу 150-м щIигъу щаIыгъ. Налшык зоопаркыр и лъабжьэу КъБ-эрдей-Балькъэр кьэралым мэкъумэш академием абы щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лабораторэ кьыщызэIуихаш. Къэгъэльэгъуапхэщ зоопаркым ис хьэкIэжьхъуэ-кIэхэмрэ кьуалэбзуэмрэ зэрызэрахьэм арэзы утехьуэ зэрыхъунур. ХьэкIэжьхъуэкIэхэр щыщIэ щIыпIэхэр нэхъ ин яIащ зоопаркым и щIыналъэм IмащI кьуэзэриткIэ. Зоопаркым щIэныгъэ-къэхутэныгъэ кьэхъуэ щIэжьей зымыгъуэтхэм къащIыщIэхъуэ кьэхъуащ. Абы кьыжьеIэ ахэр зыхъуей хуэзэу зэрызэрахьэр.

Бжьыгъэхэр

Къалэнхэр ягъэзащIэ

«ГОРВОДОКАНАЛ» муниципальнэ Iуэхущ Iапl эм и Iуэхутхьбзэхэм щогугъу цIыху мини 190-м щIигъу, Iуэхущ Iапl эу мини 2. Предприятэм нобэ кьыгъэщIылIащ псы кIэнауэшхуэ 11, псы кьэщIэшыпIэу 104-рэ, псыхъумапIэу - 9. Зы жэщ-махуэм кьэрыбыдэу Налшыкрэ абы къеГъэщIылIа Iуащ жэхэрэ яIэрыхьэ псы кьометр мини 150-р ягъэкъэбзэн яхуэзфIокI. Мы псыхъэм кьэрыбыдэу «Горводоканалым» псы кIуэпIэхэр зэрагъэпэщыжьным сом мелуан 18-м щIигъу тригъэкIуэдащ. «Урысейм и Ипщэ лъэныкъуэ» федеральнэ программэм ипкъ иту псыхъэ пщэ тэмэму яIэрыгъэхъэным текIуэдэн хуейуэ хаха сом мелуан 277-м щыщу мелуан 90-м и уасэ лэжьыгъэр зэфIигъэкIащ Iуэхущ Iапl эм. А программэм хыхьэу мыгувэу щIадзэнущ псы хъумапIэ яухуэным. Ар зэфIэкIмэ, псыр зэпымыууэ яIэрыкъэнущ Налшык и кьуэкIыпIэ лъэныкъэм щыпсэу цIыху мин 40-м.

Гъэр иухакъым, иджыри лэжьыгъэхэм пащэ, ауэ мы илъэсым Налшык «Горводоканал» МП-м зыхуигъэувыжа кьалэнхэр процентэ 100-кIэ игъэзащIащ. Зи гугъу тщIы предприятэм республикэм и бюджетым и мы гъэм мелуани 3 хиIыхьэфащ.

БЕКЪАЛДЫ Анатолэ,
«Горводоканал» МП-м и пресс-Iуэхущ Iапl эм и унафэщI.

● КъБР-м и Прокуратурэм

Бюджетым лэжьапщIэмкIэ щIыхуэ телъхъым

КъБР-м и прокуратурэм кьыщаплъэжащIэр и Iэманым тыным и лъэныкъэкIэ законодательствэм кьигъэувэр республикэм зэрыщагъэзащIэм кIэлъыплъыным хуэунэтIауэ мази 10-м ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм кьрикIуэхэр.

КъЭРАЛ статистикэмкIэ Iуэхущ Iапl эм кьызэритамкIэ, дзэкIуэгъуэм и I-м ирихьэлIэу лэжьащIэмкIэ щIыхуэр сом мелуани 3,7-рэ хьуу щытащ. Гу лъытапхъэщ абы щыщу зы сомИ бюджет ЕнатIэм зэремыхьэлIам. А ахьшэр псори зытелъыр республикэм и райониплIым щыIэ предприятэхэрщ. ЩIыхуэм и нэхъыбапIэр - сом мелуани 4,2-р - Iуащхьэмахуэ районым щызэтрихащ. Апхуэдэу сом мин 571-р Аруан районым, сом мин 876-р Май районым, сом мин 98-р Бахьсэн районым я предприятэхэм ятелащ.

Республикэм и прокуратурэм и коллегием иригъэкIуэкIа зэIуIэм зэрыщыжаIамкIэ, лэжьапщIэр и эманым зэратхэм кIэлъыплъныр зэрагъэткIиям и фIыщIэкIэ, зы ильэсым кьрифыбелэу Iуэхур нэрылъагъуэ ефIэкIуащ. Ауэ лэжьыгъэмрэ лэжьапщIэмрэ я лъэныкъуэкIэ щIыхуэм яIэ хуитыныгъэхэр кьыщызэпагъэхэмкIэ и кодексым и 5.31 статьям и пункт и administративнэ Iуэхуу 24-рэ кьыз3Iуахащ.

Апхуэдэу прокурорхэм кьыщIагъащащ лэжьапщIэмкIэ щIыхуэ зэрателъыр кьэзмылъэлагъуэ Iэнатlэхэр икIи аэрэ administративнэ жэуапым ирашэлIэн папщIэ УФ-м Административнэ къуанщагъэхэмкIэ и кодексым и 13.19 статьям тету administративнэ Iуэхуу 10 ирагъэжащ.

Республикэм и прокуратурэм и органхэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэм я фIыщIэкIэ щыз 10-м кьриуфыбдзу лэжьапщIэмкIэ щIыхуэу сом мелуан 13-м щIигъу КъБР-м щапшыныжащ.

